

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta pamarekan kuantitatif, dina ngalarapkeun hiji modél pangajaran pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa, métode anu digunakeun nyaéta métode kuasi ékspérimén. Dina métode kuasi ékspérimén panalungtik méré tarékah langsung ka objék nu dipaluruh. Tarékah anu dilakukeun ku panalungtik salah sahijina nyaéta méré perlakuan husus ka kelas ékspérimén (Isnawan, 2020).

3.1 Désain Panalungtikan

Dumasar kana pamarekan Arikunto (2016) nétélakeun yén panalungtikan *pre experimental design*, di antarana (1) *One Shot Case Study* (2) *One Group Pre-test Post-test Design* jeung (3) *Post-test Only Control Group Design*. Désain panalungtikan nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta katégori *Pre test and Post test*, mangrupa désain anu remen dipaké dina panalungtikan. Upamana panalungtikan ngagunakeun ieu désain, panalungtik kudu ngayakeun dua kali ékspérimén nya éta *pretest* jeung *posttest*.

Panalungtikan ieu ngagunakeun ékspérimén tés awal jeung tés ahir, saperti:

Tabél 3.1

Désain Panalungtikan

| | | |
|-------|---|-------|
| O_1 | X | O_2 |
|-------|---|-------|

(Arikunto, 2016)

Keterangan:

O_1 : Kamampuh nulis téks warta saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*.

Keke Elyawati, 2023

MODÉL COOPERATIVE GROUP INVESTIGATION DINA PANGAJARAN NULIS TÉKS WARTA (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Bandung Taun Ajar 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

X : *Treatment* dilaksanakeunana pangajaran ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*.

0₂ : Kamampuh nulis téks warta sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*.

3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Data nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta kamampuh nulis téks warta siswa saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation* jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*. Ieu panalungtikan lumangsung di Jl. Cihampelas No. 167, Cipaganti Kecamatan Coblong, Kota Bandung, Jawa Barat 40131. Ari sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Bandung Taun Ajar 2022/2023. Sangkan leuwih jéntré, bisa dititénan dina tabel ieu di handap.

Tabél 3.2

Data Siswa SMA Pasundan 2 Bandung

| Kelas | Wanda Baga | Jumlah |
|-------------------------------------|------------|--------|
| XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Bandung | Lalaki | 6 |
| | Awéwé | 14 |
| Jumlah Siswa | | 20 |

Sumber data nyaéta anu ditalungtik pikeun meunangkeun data. Sumber data ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Bandung. Ari data anu diolahna mangrupa hasil nulis dina pangajaran nulis téks warta kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Bandung saméméh jeung sanggeus ngalarapkeun modél *Group Investigation*.


3.3 Prosedur/Alur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan nétélakeun léngkah-léngkah nu bakal dilaksanakeun dina ieu panalungtikan. Sangkan leuwih jéntré, titénan bagan prosedur panalungtikan ieu dihandap.

Keke Elyawati, 2023

MODÉL COOPERATIVE GROUP INVESTIGATION DINA PANGAJARAN NULIS TÉKS WARTA
(Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Bandung Taun Ajar 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



Bagan 3.1

Prosedur Panalungtikan

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan aya téhnik tés tulis dina wangun essay. Tés nyaéta runtuyan patalékan atawa latihan sarta alat séjén nu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh *intelegensi*, kamampuh atawa bakat nu dipiboga ku individu atawa kelompok (Arikunto, 2020). Téhnik tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh nulis téks warta siswa anu ngawengku struktur warta, unsur-unsur téks warta, éjahan kabasaan jeung eusi nalika nulis téks warta. Tés tulis digunakeun pikeun ngukur kamampuh siswa kelas XI dina nulis téks warta. Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan téh ngaliwatan sababaraha tahapan saperti nu diébréhkeun ieu di handap.

Keke Elyawati, 2023

MODÉL COOPERATIVE GROUP INVESTIGATION DINA PANGAJARAN NULIS TÉKS WARTA
(Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Bandung Taun Ajar 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- a. Siswa ngalaksanakeun *pre-test* sangkan kamampuh awal siswa dina pangaweruh jeung kamampuh ngeunaan nulis téks warta téh bisa katitén.
- b. Sabada mikanyaho hasil *pre-test* siswa, panalungtik nataharkeun naon waé anu dibutuhkeun nalika ayana prosés diajar kalawan ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*.
- c. Medar bahan ajar nulis téks warta kalawan maké modél *Group Investigation* dina prosés lumangsungna pangajaran, ilaharna disebut *perlakuan*.
- d. Sanggeus ngalaksanakeun *treatment* ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*, satuluyna siswa ngalaksanakeun *post-test* sangkan katitén kamampuh ahir siswa dina nulis téks warta sanggeus ngalarapkeun modél *Group Investigation*.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2016) instrumén nyaéta alat bantu anu digunakeun ku panalungtik enggoning dina ngumpulkeun data, sarta supaya gampang tur hasilna ogé bisa leuwih hadé, dina harti leuwih gancang, lengkep jeung sistematis sangkan data leuwih gampang diolah.

Luyu jeung pamadegan di luhur, jadi instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta instrumén tés anu mangrupa alat ngumpulkeun data anu sifatna ngukur jeung ngahasilkeun data hasil ukur. Tés nu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tés tinulis, nu ngagunakeun lembar soal eusina wangun paréntah. Aya dua kali tés, nu kahiji tés na dilaksanakeun pikeun ngukur kamampuh awal siswa ku cara siswa diperedih pikeun nulis téks warta kalawan jejer bébas, sedengkeun tés kadua dilaksanakeun pikeun ngukur pangaruh *treatment* ka siswa ku cara diperedih nulis téks warta kalawan jejer nu geus dipilih.

Tés tulisna ngeunaan nulis téks warta mangrupa soal tés nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh nulis téks warta siswa kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Bandung. Ieu soal tés aya pituduh sangkan siswa migawé pangajaran nulis téks warta nu eusina saluyu jeung kajadian atawa peristiwa nu keur lumangsung atawa aya disabudeureun urang. Sedengkeun aspék nu bakal dipeunteun tina hasil nulis téks warta siswa nya éta kasaluyuan eusi jeung topik,

unsur-unsur téks warta, struktur téks warta, éjahan kabasaan, jeung karapihan tulisan.

Instrumén panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan bisa dititénan saperti ieu di handap.


Soal Pre-Test

Wasta :

Kelas :

No Absén :

Pék hidep tulis hiji warta kalawan téma bébas ngeunaan kajadian faktual nu aya disabudeureun urang



Keke Elyawati, 2023

MODÉL COOPERATIVE GROUP INVESTIGATION DINA PANGAJARAN NULIS TÉKS WARTA
(Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Bandung Taun Ajar 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu


Soal *Post-Test*

Wasta :

Kelas :

No Absén :

Saacanna hidep geus nulis warta kalawan téma bébas, pék ayeuna tuliskeun deui éta warta! Lengkepan tur perenahkeun basana!



Keke Elyawati, 2023

MODÉL COOPERATIVE GROUP INVESTIGATION DINA PANGAJARAN NULIS TÉKS WARTA
(Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Bandung Taun Ajar
2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.6 Téhnik Ngolah Data

Sangkan bisa maluruh pasualan nu karandanpan ku panalungtik dina ngalaksanakeun panalungtikan, tangtu kudu ngumpulkeun data nu rék dianalisis. Sanggeus ngumpulkeun data, ieu panalungtikan ngagunakeun sababaraha téhnik ngolah data, saperti ieu di handap.

- Data nu diolah mangrupa data nu ka kumpul ngaliwatan prosés *pre-test* jeung *post-test* nu dilaksanakeun ka siswa kelas XI SMA 2 Pasundan Bandung.
- Mariksa hasil nulis téks warta siswa dumasar aspék nu geus ditangtukeun. Rubrik peunteun bisa dititén saperti ieu di handap.

Tabél 3.3

Rubrik Peunteun Nulis Téks Warta

| No | Aspék nu dipeunteun | | Peunteun | Kritéria |
|--------------------|---|-------------------------|-----------|---|
| | Eusi Warta (Unsur-unsur warta 5W+1H) | Naon | 10 | Aya kalimah nu ngébréhkeun ngeunaan naon nu ditulis dina warta. |
| | | Dimana | 10 | Aya kalimah nu ngébréhkeun ngeunaan dimana nu ditulis dina warta. |
| | | Iraha | 10 | Aya kalimah nu ngébréhkeun ngeunaan iraha nu ditulis dina warta. |
| | | Saha | 10 | Aya kalimah nu ngébréhkeun ngeunaan saha nu ditulis dina warta. |
| | | Naha | 10 | Aya kalimah nu ngébréhkeun ngeunaan naha nu ditulis dina warta. |
| | | Kumaha | 10 | Aya kalimah nu ngébréhkeun ngeunaan kumaha nu ditulis dina warta. |
| Jumlah skor | | | 60 | - |
| 2 | Basa Tulis Warta | Pilihan kecap/ diksi | 5 | Hadé pisan (pilihan kecapna saluyu jeung merenah) |

Keke Elyawati, 2023

MODÉL COOPERATIVE GROUP INVESTIGATION DINA PANGAJARAN NULIS TÉKS WARTA
(Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Bandung Taun Ajar 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

| No | Aspék nu dipeunteun | | Peunteun | Kritéria |
|----|---------------------|-------------------------|----------|---|
| | Basa tulis warta | Pilihan kecap/ diksi | 4 | Hadé (pilihan kecapna saluyu tapi teu merenah) |
| | | | 3 | Sedeng (pilihan kecap kurang saluyu) |
| | | | 2 | Kurang (pilihan kecap teu saluyu jeung kurang merenah) |
| | | | 1 | Kurang pisan (teu asup butuh bimbingan) |
| | Éjahan | | 5 | Hadé pisan (ngawasa kana éjahan, kasalahan ngan saeutik). |
| | | | 4 | Hadé (ngawasa kana éjahan, tapi sakapeung sok aya kasalahan dina éjahan). |
| | | | 3 | Sedeng (kasalahan dina éjahan mindeng kajadian). |
| | | | 2 | Kurang (teu ngarti kana éjahan). |
| | | | 1 | Kurang pisan (teu asup butuh bimbingan) |
| | Struktur Kecap | | 9-10 | Hadé pisan (teu aya kasalahan dina panulisan warta). |
| | | | 7-8 | Hadé (aya kasalahan saeutik dina panulisan warta). |
| | | | 5-6 | Sedeng (loba kasalahan dina panulisan jeung kamalayan). |
| | | | 3-4 | Kurang (teu ngarti kana struktur kecap nu ditulis). |
| | | | 1-2 | Kurang pisan (teu asup butuh bimbingan) |
| | Struktur Kalimah | | 9-10 | Hadé pisan (kalimah nu digunakeun saluyu jeung SPOK). |
| | | | 7-8 | Hadé (kalimah nu digunakeun kurang saluyu jeung SPOK tapi aya saeutik kasalahan). |

Keke Elyawati, 2023

MODÉL COOPERATIVE GROUP INVESTIGATION DINA PANGAJARAN NULIS TÉKS WARTA
(Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Bandung Taun Ajar 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

| No | Aspék nu dipeunteun | | Peunteun | Kritéria |
|------------------------|-------------------------|------------------|------------|---|
| | Basa tulis warta | Struktur Kalimah | 5-6 | Sedeng (kalimah nu digunakeun kurang saluyu jeung SPOK loba kasalahan). |
| | | | 3-4 | Kurang (teu ngarti kana struktur kalimah, loba kasalahan) |
| | | | 1-2 | Kurang pisan (teu asup butuh bimbingan). |
| Jumlah skor | | | 30 | - |
| | Téhnik midangkeun warta | Struktur warta | 9-10 | Hadé pisan (struktur wartana lengkep pisan). |
| | | | 7-8 | Hadé (struktur wartana rapih tapi kurang lengkep). |
| | | | 5-6 | Sedeng (struktur wartana kurang rapi jeung kurang lengkep) |
| | | | 3-4 | Kurang (struktur wartana acak-acakan jeung kurang lengkep). |
| | | | 1-2 | Kurang pisan (teu asup pangajaran jeung butuh |
| Jumlah skor | | | 10 | - |
| ∑ skor maksimal | | | 100 | - |

Harfiled, spk, (dina Nurgiyantoro, 2010)

- c. Méré peunteun kana hasil *pre-test* jeung *post-test* ngagunakeun rumus saperti ieu di handap.

$$P = \frac{\sum \text{skor kahontal} \times 100}{\sum \text{skor maksimal}}$$

Katerangan:

P = Peunteun

Keke Elyawati, 2023

MODÉL COOPERATIVE GROUP INVESTIGATION DINA PANGAJARAN NULIS TÉKS WARTA
(Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Bandung Taun Ajar 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Σ skor kahontal = jumlah peunteun siswa

Σ skor maksimal = jumlah peunteun maksimal

Tabél 3.4

Peunteun Dumasar Kritéria

| Peunteun | Katégori |
|----------|--------------|
| 81-100 | Hadé pisan |
| 61-80 | Hadé |
| 41-60 | Cukup |
| 21-40 | Kurang |
| 0-20 | Kurang pisan |

d. Nga-input peunteun hasil *pre-test* jeung *pos-test* kana tabél ieu di handap.

Tabél 3.5

Kamampuh Nulis Téks Warta

| NA | Aspék nu dipeunteun | | | | | | | | | | | Σ | PN | KT | | |
|----------|---------------------|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|----------|----|----|--|--|
| | A | | | | | | B | | | | C | | | | | |
| | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 1 | 2 | 3 | 4 | 1 | | | | | |
| | | | | | | | | | | | | | | | | |
| | | | | | | | | | | | | | | | | |
| Σ | | | | | | | | | | | | | | | | |
| x | | | | | | | | | | | | | | | | |

Katerangan:

NA = Nomer absén

A = Eusi Warta (Unsur-unsur warta 5W+1H)

B = Basa tulis warta

Keke Elyawati, 2023

MODÉL COOPERATIVE GROUP INVESTIGATION DINA PANGAJARAN NULIS TÉKS WARTA
(Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Bandung Taun Ajar 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

| | |
|----------|------------------------------------|
| C | = Pola/téhnik midangkeun warta |
| PN | = Peunteun |
| KT | = Katégori |
| Σ | = Jumlah skor |
| x | = rata-rata dina bentuk perséntase |

3.7 Uji Sipat Data

Uji sipat data anu dilakukeun dina ieu panalungtikan nya éta ngawengku uji normalita jeung uji hipotésis. Data nu kakumpul dina ieu panalungtikan wangunna kuantitatif, nu bakal dianalisis ku cara maké *SPSS PASW versi 26. Statistic Product Service Solution* nu ilaharna disebut *SPSS* nyaéta hiji aplikasi program nu digunakeun nalika prosés ngolah, ngitung jeung nganalisis hiji data kalawan prosedur statistik. Data nu dianalisis hasil inputan nyaéta hasil kamampuh nulis téks warta siswa saméméh ngalarapkeun modél pangajaran *Group Investigation* jeung hasil kamampuh nulis téks warta siswa sanggeus ngalarapkeun modél *Group Investigation*.

3.7.1 Uji Normalitas

Uji normalitas miboga udagan pikeun mikanyaho normal atawa henteuna data panalungtikan, ku cara ngagunakeun uji *Shapiro-Wilk* kalawan katangtuan saperti ieu di handap.

- a. Nilai Sig. > 0,05, ku kituna distribusi data normal
- b. Nilai Sig. < 0,05, ku kituna distribusi data teu normal

Uji normalitas *Shapiro-Wilk* ngagunakeun taraf signifikansi 5% ($\alpha : 0,05$) kalawan kritéria kaputusan saperti ieu di handap.

- a) H_0 ditarima atawa H_a ditolak, saupama Sig. > 0,05
- b) H_a ditarima atawa H_0 ditolak, saupama Sig. < 0,05

3.7.2 Uji Hipotésis

Nurutkeun Arikunto (2020) nétélakeun yén hipotésis asalna tina dua kecap, “*hypo*” nu hartina “di handap” jeung “*thesa*” nu hartina “bebeneran”. Jadi hipotésis nyaéta dugaan nu can tangtu bebeneranna, bisa disebut bener lamun geus dirojong ku bukti-bukti nu geus diuji ngaliwatan panalungtikan. Uji hipotésis téh dilakukeun ku dua cara. Nu kahiji nyaéta upama data hasil uji normalitas nuduhkeun yén éta data téh miboga distribusi normal, hipotésisna ngagunakeun statistik paramétrik kalawan ngagunakeun *t-test*. Lamun distribusi datana teu normal, nguji hipotésisna ngagunakeun cara statistik non paramétrik. Anapon hipotésis dina ieu panalungtikan, kayaning saperti ieu di handap.

- a. Ha (Hipotésis alternatif) : Aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis téks warta saméméh jeung sanggeus digunakeunna modél *Group Investigation* ka siswa kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Bandung Taun Ajar 2022/2023. Nu hartina Ha ditarima lamun nilai Sig. $\leq 0,05$.
- b. Ho (Hipotésis nol) : Teu aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis téks warta saméméh jeung sanggeus digunakeunna modél *Group Investigation* ka siswa kelas XI MIPA 2 SMA Pasundan 2 Bandung Taun Ajar 2022/2023. Nu hartina Ho ditarima lamun nilai Sig. $\geq 0,05$.